## 37. RÈK KARIJAAN.

Dina hidji peuting ambœ Roesdi djeung bapana darigoek di tengah-imah, baradami rèk soenatan Roesdi. Roesdi djeung Misnem darigoek di tepas toekang, keur ngotjowan si Pintjang. Barang koe Roesdi didèngèkeun jèn manèhna rèk disoenatan, Roesdi loempat ti toekang njampeurkeun ka kolotna.

„Saha noe rèk disoenatan tèh, bapa?" tjeuk Roesdi.

„Sikang, apan!" témbal bapana.

„Iraha disoenatanana, bapa?"

„Ih, isin kènèh, Roesdi!" témbal bapana, „koedoe sasadijaan heula, nijeun balandongan, nebroeg djeung sasadijaan kahakanana."

Roesdi loempat deui njampeurkeun si Misnem, bari seuseurian.

„Manggih naon, Di?" tjèk Misnem.

„Nè! koe sija teu kadèngè, Nem? Tèh geuning ema



djeung bapa keur tjarita kènèh, keur baradami rèk soenatan aa."

„Euleuh-euleuh, rèsèh djadi panganten atoeh aa tèh!"

omong Misnem. Djoeng bari arindit doewanana, njelampentkeun kolot-kolotna.

Ambon Roesdi djeung bapana keur tjararita, bordak noe doewa tinggoledjeh kana lahoenan indoengna. Si Misnem dueg ngedeng bari disaliksik koe indoengna, ari si Roesdi dadapangan, nangeuni gado hareupeun bapana sarta teu lila reup koeles, ngagolèdor kèrèk di tengah imah.

Kolot Roesdi geentreng baè nepi ka peuting pisan.

Isoekna 'Pa Roesdi njiloeкan baraja-barajana noesoej-keun bulanni peuting tèja. Aja noe dipènteun toeloeng ngadegkeun balandongan, ngadegkeun cebroeg djeung noe sawarèh deui dipènteun toeloeng ngala soeloeh.

Ari awéwé² ngarandjoeng djeung ema Roesdi. Aja noe sanggoep ngangsoetorkeun, ngopak, njieun rangginang djeung kaolahan-kaolahan noe sèdjèn.

Pasabnelanana deui geus riboet noe ngaradegkeun balandongan djeung papaès. Awéwé-awéwé noe noetoe, noe ngopak, noe mowèkeun koewèh djeung saltjan ti èta.

Roesdi djeung batoerna abreng-abrengan ngangon embé, domba djeung morading peuntjiteun.

Saminggoe deui ka brèg, papaès djeung balandongan geus tanggeuh. Soeloeh geus ngoendoeng-ngoendoeng, ngan kari ngadagoan goeng gongna baé.

Bisi rèk ialahna, seug engkè dina bregna karijaan, geura meureun ramé.

———

## 38. BREGNA KARIJAAN.

Karaméan dina bregna karijaan, anoe ditoeroetan koe 'Pa Roesdi nja tjara karaméan di katjamatan téja. Atoeran-atoeran papaès di balandongan djeung di loewarna nja kitoe kènèh. Harepeun balandongan beletèk djeung katja². Di aloen-aloen disadijakeun ogé roepa² karaméan, naék djambé, djadjangkoengan, lais djeung ngadoe domba.

Di balandongan rantoej lampoe-lampoe. Papaès pepadja-ngan boeboeng-hérang koe parada djeung keretas kem-bang; anoe ngatoerna nja bapa Roesdi baé, da baréto, basa balantoe di katjamatan téja manéhna ingeteun kènèh.

Tatabeuhan geus ngabérès, kari goong baé. Ogèl djeung koentja geus ngadjadjar di pipir balandongan.

Dina minoeta poréan bregna karijaan, geledeg njeungeut bedil tiloe kali. Breng ditémbal koe tatabeuhan gang-ging-goeng goongna. Djeureudeung angkloeng boentjisna, toe-roengtoeng dogdog ogélna.

Oendangan ngaboel aleut-aleutan, tanggoenganana ngoengkeuj; kitoe djoe teu eureun-eureun, ngahormat noe kaoendangan.

Roesdi djeung Misnem diaieut-aleut koe batoer-batoer oelinna.

Pasosoré sompring ondangan ménak-ménak, djoeragan Tjamat istri pameget, djeung ménak² ti dajeuh noe dja-raoeh. Ménak-ménak geus dirialikkeun di balandongan sarta teroes dipernahkeun di imah noe beunang neta-bahan.

Sapeupeuting djepoel teja peoetna ondangan² ngaboel teu eureun-eureun.

Wantji magrib Roesdi geus didangdanan koe papakean noe araloes, da engke soré rèk diigelkeun.

Reup peuting lampoe² kabèh diseungeut, caang hele-nong di balandongan.

Ari di loewar ngabèrès tingarentjoj damar noe daragang.

Noe laladjo geus beuki oesik, kalot boedak salemboer èta, teu aja saoerang-oerang atjan noe teu laladjo.

Bada Isa geus goeng tatabèe. Djelema² di dinja rèk saoemoerna tatjan manggih karijaan noe sakitoe ramèna.



Roesdi geus diigelkeun, noe sarenggak djeung keprak ramè pisan, laetjoeeun boedak gembroe bae ngoerd.

Kapenting nakeun tolok disamboeng koe ... ondangan². Ramè nepi ka isoek. kasoemboe koe waktoena Roesdi disoenatan. Geus rada beurang, toeloej pèsta di eloeen² noeroetan basa di katjinatan tèja.

Pasosoré poé kadoea tèja lekasan, ondangan² tèja noe geus ngaroeloeng, malah mimiti ngi nja soeb ira noe niitan.

Di imah Roesdi ngan kari baraja djeung tatangga noe dareukeut ngaradjong.

Heubeul saminggoe di barata, Roesdi geus tjageur.

Hidji mangsa keur dariuk di tepas djeung kolotna, Roesdi ngomong: „Bapa! Koering mah hajang deui disoenatan, da resep dioegoeng-oegoeng djeung seubeuh barang hakan deui."

„Heug! engkè ari soenatan si Pintjang djeung si Djaloe, oerang rarameàn deui," témbal bapana.

---

## 38. ROESDI SOELAP.

Dina hidji powè Roesdi di sakola meunang pangadjaran soelap ti Goeroena. Roesdi katjida pisan atoheunana, sarta dinarana datang ka imah karepna rèk ditèmbongkeun ka indoeng bapana djeung ka si Misnem.

Poekoel satoe, waktoe moelang ti sakola, Roesdi gagantjangan lempangna, hajang boeroe² datang ka imah. Barang datang, sanggeus ngeureunan djeung dadaharan, pok ngomong ka bapana: „Bapa! koering ajeuna geus bisa soelap, tadi di sakola diadjar koe djoeragan Goeroe."

„Soelap naon, 'Di?" tjeuk bapana.

„'Kè, rèk ditjeloekan heula ema, si Misnem djeung si Pintjang, sina kalodjo."

Kolot² Roesdi djeung si Misnem, malah si Pintjang djeung batoer-batoerna noe sèdjèn ogè ditjeloekan, geus ngarijoeng rèk nendjoan noe soelap.

Tatangga noe kabèh barenggong, tina sakitoe ahèngna, bet boedak² rèk soelap, da eta ogè noe sok soelap tèh, djalema geus kolot. Ari ieu bet Roesdi njeboetkeun bisa soelap.

„Tjik geura pèk soelap tèh, Oedi!" tjeuk bapana.

„Iih, atoeh koedoe diadjar heula, bapa, da hésé soelapna téh," tembal Roesdi.

„Heug, majarna mah isoekan," tjeuk noe ngadjar téh, „soelapna baé heulaanan."

„Mangga atoeh taringalikeun," omong Roesdi.



Hareupeun Roesdi geus disadijakeun loemoer, kendi deusi tjai djeung keretas. Tjoer loemoerna dieusian tjai tina kendi sapinggirna. Keretas noe disadijakeun hareupeunana sok dilebetkeun kana loemoer tjaian téa. Eta loemoer lalaoenan koe Roesdi ditonggongkeun nepi ka keretas teroeb téa tjlok di hareup. Geus kitoe, kok loemoer téh dijekel koe tjeorna, didjoengdjoengkeun lalaoenan.

Indoeng bapana djeung batoerna noe sèdjèn, komo si Misnem mah, atoh baé, néndjokeun Roesdi.

„Naha teu diéhkeun baé tjaina, Djang?" tjeuk noe saoerang.

„Ih, moal diéhkeun baé, euh!"

Loemajan pèk koe Roesdi dibalikkeun deui djeung keresana dibasa, „Geura taringalikeun ajeuna tuuh, toeh, tjoer baé tjaina baé."

Tjeuk Misnem: „Wah, atoeh ari kitoe mah koering ogé bisa, Oedi!"

„Tjik pèk ari bisa mah, Nem," tèmbal Roesdi.

Pèk Misnem njiptjikeun tjai kana kasoer, tadina ditoeroetan Peta-petana noeroetkeun Roesdi baè kabèh. Sanggeus dinongtoeban, terus koe Misnem dibalikkeun. Barang dibalikkeun ger tjaina ngabandjoer kana badjoe djeung kana sampingna, wani ahay.

„Bisa ari kitoe, 'Nem?' tjeuk Roesdi. „Atoeh moal bengong sija mah, da ieu njaho djampèna. Koedoe goe-goeroe heula ka ar. Eugik. dimana geus njaho prak-prakanana, tangtoe bisa saelap kawas ka tadi."

Kitoe-kitoe Roesdi pararodeg baé kabèh, hookeun néndjokeun Roesdi, bat koedake geus rèja paagabisana.

———·——

## 40. TOEKANG RODA PINTER

Dina waktoe pakansi Roesdi leumpang djeung bapana ka katjamatan, rek ngadjoeal kalapa.

Kalapana dirodaan, ditarik koe koeda. Doewa roda moeatna kalapa wae deui, sarta deui, noe pangtoekangna, moeatna kalapa djeung Roesdi. Koeda roda noe



dibenta lempangna teu eureun-eureun ngitjlik bae. Ari koeda roda noe pandeuri, noe disangkakeun koe Roesdi tea, sok eureun-eureunan.

„Soegan beurateun koe aja. "Dih!" tjeuk bapana. „Tjik toeroen heula sakeudeung."

Djol Roesdi toeroen tina roda lempang djeung bapana.

Sanggeus Roesdi toeroen, aja keneh bae eta koeda teh eureun-eureunan lempangna. Kawas teu,

saténgkah doeana léngkah, katiloena reg deui. Lamoen diteuenggeuhan, kakara daèkeun madjoe.

'Pa Roesdi katjida keuheuleunana ka éta koeda.

„Soegan teu seuheuheun njatoean, Marhasan!" tjeuk 'Pa Roesdi ka goendalna.

„Sami baè njatoeanana mah sarang noe ti heula!" témbal Marhasan, „malah noe tjeu mah leuwih rèja beban noe sèdjèn."

„Dasar koedana baè kedoel, lamoen dipakè djaoeh, sok ngadat, kahajangna tjitjing baè di lemboer, embreung digawèkeun."

„Tjik atoeh akalan, sina madjoe!" tjeuk 'Pa Roesdi, „moeal hadè kijeu baè mah, da djaoeh kènèh ka katjamatan tèh. Toeh roda noe sèdjèn, geus sakitoe djaoehna."

'Pa Roesdi djeung Marhasan gèk darijoek sisi djalan, mikir pilampaheun.

„Kijeu baè ajeuna mah, djoeragan!" tjeuk Marhasan, „koering rèk ka kampoeng heulaan, koeda bari mawa parè, soegan daèkeun leumpang ari nèndjo kabakanana mah."

„Tjik, pèk atoeh!" tjeuk 'Pa Roesdi.

Barang bèh ogè koeda kedoel tèh nèndjo parè, matana geus tjoeringhas baè bari koetap-kètop, hajangeun geura kop. Pèk koedana dinoengtoen dipadjoekeun, Marhasan njekel parè bari leumpang, heulaeun si kedoel. Ajeuna leumpangna teu eureun-eureun, matana molotot kana parè baè.

„Ih, si kedoel!" tjeuk 'Pa Roesdi, „hiet ngan kalebok sija meh kabeuki tèh, ari kana gawè mah mogmoel."

Sanggeus djaoeh leumpangna, reg Marhasan eureun.

„Naha eureun, 'San?" tjeuk 'Pa Roesdi, „gantjang baè atoeh, embèh tereh nepi ka katjamatan!"

„Mending! da tjangkeul koering mah, bantoean baè

njekelan parè," tèmbal Marhasan. "Kè, koe koering tèh diakalan deui."

Marhasan njokot awi pandjang sabèhèk, ditalian dina tonggong koeda, teroes kana beuheung nepi kana djo-djompongna sarta ditogagkeun tiloe djeungkal ka hareup. Dina toengtoengna èta awi pèk parèna digantoengkeun

Èta koeda leumpangna teu eureun², bari soesoengoetna ngahontalan parè, nepi ka roda-roda noe ti heula kasoesoel. Teu lila leumpangna, djol dateung ka pangdjoealan kalapa tèja.

